EURASIAN JOURNAL OF ACADEMIC RESEARCH
Innovative Academy Research Support Center
IF = 9.3 www.in-academy.uz/index.php/ejar




# DEDICATORY POEMS IN KARAKALPAK LYRICS (ON THE EXAMPLE OF KENGESBAY RAKHMANOV'S WORK)

**Mamutova Nargiza Xojaniyazovna**
Karakalpak Institute of the Humanities of the Karakalpak Branch of the Academy of Sciences of republic of Uzbekistan, basic doctoral student Nukus, Karakalpakstan, Uzbekistan
https://doi.org/10.5281/zenodo.17519335

**ARTICLE INFO**

Received: 26th October 2025
Accepted: 30th October 2025
Online: 31st October 2025

**KEYWORDS**

*Dedications, traditional poems, fives, sixes, eights, sarbast, verlibr, syllable, marcia, a joke, individual style.*

**ABSTRACT**

*This article discusses dedication poems in Karakalpak literature and their significance in the work of poets, especially in the work of the poet Kengesbay Rakhmanov, using examples. Although the genre of dedication has not been studied in a special way in our literature, it has a significant place in our literature. The poet Kengesbay Rakhmanov wrote many poems in this genre, and we can witness that most of them are written in the form of quatrains, and some in the form of quintuplets. In the process of studying the dedications, we tried to separate them into several groups, taking into account that they were written on different topics in content, and we witnessed that the individual style of the poet was clearly visible in them. Also, the author's unique style of creating the character of the lyrical hero in the dedications once again proved that the content of the poem is close to lament, ode, and even humorous.*

# QARAQALPAQ LIRIKASINDA ARNAW QOSIQLAR (KEN'ESBAY RAXMANOV DO'RETIWSHILIGI MISALINDA)

**Mamutova Nargiza Xojaniyazovna**
O'zbekstan Respublikası Ilimler Akademiyası Qaraqalpaqstan bo'limi Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim izertlew institutı 1-kurs tayanısh doktorantı, No'kis qalası
https://doi.org/10.5281/zenodo.17519335

**ARTICLE INFO**

Received: 26th October 2025
Accepted: 30th October 2025
Online: 31st October 2025

**ABSTRACT**

*Mazkur maqolada qoraqalpoq adabiyotidagi bag'ishlov she'rlar haqida va ularning shoirlar ijodidagi, ayniqsa, shoir Kengesbay Rahmanov ijodidagi ahamiyati misollar yordamida ochib berilgan. Bag'ishlov janri bizning adabiyotimizda maxsus tarzda o'rganilib chiqilmagan bo'lsa ham, u adabiyotimizda salmoqli o'ringa ega. Shoir K.Rahmanov bu janrda ko'p she'rlar yozgan va ularning ko'pchiligi to'rtlik,*

**KEYWORDS**

*Bag'ishlov she'rlar, an'anaviy she'rlar, beshlik, oltilik, sakkizlik, sarbast, verlibr, bo'g'in, marsiya, hazil, individual uslub.*

*ayrimlari beshlik shaklida yozilganligining guvohi bo'lamiz. Bag'ishlovlarni o'rganish jarayonida ular mazmunan har xil mavzuda yozilganligini hisobga olib, bir qancha guruhlarga ajratib chiqishga harakat qildik va ularda shoirning individual uslubi yaqqol ko'rinib turganligining guvohi bo'ldik. Shuningdek, ijodkor bag'ishlovlarida lirik qahramonning xarakterini yaratishdagi o'ziga xos uslubi she'rning mazmunan marsiya, tarif, hattoki hazilomuz mazmunga yaqin janr ekanligini yana bir bor isbotlab bergan.*

**Kirisiw.** Qaraqalpaq lirikasında arnaw qosıqları da basqa janrlıq formalar sıyaqlı o'z aldına a'hmiyetlilikke iye. O'ytkeni, bul formada qosıq jazbag'an shayırdın' o'zi bolmasa kerek.

Arnawlar belgili bir shaxsqa ya'ki waqıya tiykarında arnayı sol ushın tayarlap jazılg'an qosıqlar bolıp, en' da'slep Batıs a'debiyatında qa'liplesken. Olar mazmunlıq jaqtan oda, qasida, marsiya, ta'riyp janrlarına jaqın bolsa da, bir-birinen tu'pten parıq qıladı.

A'dette, qosıq belgili bir shaxstın' ismi-sha'ripi ko'rsetilgen halda, bazıda bolsa onın' ka'sibi, mamanlıg'ı atama retinde keltiriliwi mu'mkin.

O'zbek a'debiyatında arnawlar "bag'ishlovlar" dep ju'ritilip, "...Bir shaxs (na'rse, jay ha'm tag'ı basqa) qa mu'ra'ja'a't formasında jazılıp, ko'birek onı ta'riyplew, og'an mu'na'sibetin sa'wlelendiriwge qaratılg'an lirikalıq shıg'arma,"- dep teoriyalıq analiz beriledi [1,71].

Bu'gingi ku'nde bul janr o'z rawajlanıw shın'ına jetken desek qa'telespeymiz. Qaraqalpaq lirikası janrlıq, formalıq jaqtan ha'r ta'repleme u'yrenilip atırg'an bolsa da, arnaw qosıqları boyınsha o'z aldına u'yrenilgen ha'm ilimiy pikirler aytılg'an miynetler joqtın' qasında.

Rus, o'zbek ha'm basqa xalıqlar a'debiyatında bul janr boyınsha bir qansha arnawlı izleniwler, maqalalar baspadan shıg'arılg'an. Ma'selen, o'zbek a'debiyatında shayır Shukur Qurban do'retiwshiligi boyınsha D.Qasimovanın' «She'riyatda bag'ishlov janrining shakiliy xususiyatlari.» [2,204-207], Taspolat Ahmed qosıqları boyınsha K.Nizomovanın' «Toshpo'lat Ahmad bag'ishlovlarining g'oyaviy-badiiy xususiyatlari.»[3,66-70], Sh.Mo'minovtın' o'zbek a'debiyatındag'ı memuar, arnaw, marsiya qosıqları mısalına arnalg'an

«Memuar, bag'ishlov va marsiyalarda rahbar muloqot xulqiga xos qirralarning namayon bo'lishi.» [4,689-690] maqalaların mısal etip keltirsek boladı.

Bir shaxstı ya'ki onın' ha'reketlerin ba'lentpa'rwaz ruhta maqtaw tiykarında a'yyemgi Rimde payda bolg'an ha'm da'stu'rge aylang'an bul janr keyinshelik Evropa a'debiyatına kirip kelgen. Biraq, son'g'ı da'wirlerde ol tek g'ana maqtaw, ta'riyp beriwshi janr g'ana emes, al joqlaw, yag'nıy, lirikalıq qaharmannın' ku'yinishin, sag'ınıshın, sonın' menen qatar ha'zil-da'lkek aralas formalarda da jazılmaqta.

Bizin' a'debiyatımızda da arnawlar shayırlarımız poeziyasında ayrıqsha orın iyeleydi. Ma'selen, shayır I.Yusupovtın' qa'leminen do'regen ko'p g'ana arnawları mazmunlıq jaqtan tu'rlishe. Olarda avtordın' jeke stili sezilerli da'rejede ko'zge taslanadı.

Shayırdın' "Ha'r kimnin' o'z zamanı bar" atamasındag'ı bir g'an toplamının' o'zine bir neshe arnaw qosıqları kiritilgen. "Jetpis senin' jezden' emes…"(Abdulla Bekmanovqa), "Dos ha'zili" (Orazaq Bekbaulovtın' 50jıllıg'ına ha'zil) ha'zil formasında jazılg'an, sonday-aq, "Allergiya" (akademik T.Eshanovqa), "Shayır Ten'elbayg'a" (Ten'elbay Sa'rsenbaevqa), "Ullı babamızdın' ruwhı shad bolg'ay" (Beruniydin' 1025 jıllıg'ına), "Jaqsı hayallarg'a jas mingen sayın" (D.Qırmızıg'a), "Rasul Gamzatovtın' esteligine", "Ha'r kitabın' bir qızıqlı shejire" (Jubatqan Muratbaevqa), "Soprano" (Saodat Qabulovag'a), "Shayır" (A.Aripovqa) ha'm basqa da qosıqları ha'r tu'rli mazmun ha'm formalarda jazılg'an.

Shıg'ıs ha'm Batıs a'debiyatının' bir qatar lirikalıq formaların o'z stilinde a'jayıp u'lgide jetkerip bere alg'an shayır Ken'esbay Raxmanov ta arnaw u'lgisinde ko'p g'ana shıg'armalar do'retken. Onın' 1970-1980-jılları do'retilgen "Ag'alarg'a", "Qa'lemleslerge", "Ibrayım Yusupovqa", "Jolmurza ag'ag'a", " Ayımxan apa Shamuratovag'a", "Vrach Orazımbet ata Xalmuratovqa", "D.M…g'a" ha'm son'g'ı jılları do'retilgen "Aqlıg'ım Rafaelge", "Bul du'nyag'a ku'lip kelgen" (Mırzabay O'temisovtın' 60 jıllıg'ına) atamasındag'ı bir neshe qosıqları arnaw janrında jazılg'an.

Biz joqarıda arnawlar marsiya, elegiya, ta'riyp janrlarına ju'da' uqsas keledi dep atap o'tken edik. Arnawlardı ko'birek mazmunına qaray to'mendegishe jiklewge boladı:

1) doslarına jazılg'an arnawlar: "Pa'rwazlarda qayrılg'an qanatsan'…" (talantlı aktyor dostım Dosbergen Ranovtı eslep), "Ilim doktorı,deputat, professor dostım Yunus Paxratdinovqa", "Dostım Sag'ın Zıyaovtın' 50 jasına qutlıqlaw", "Dostım Nurmuxammed A'metovtın' 50 jıllıg'ında oqılg'an qosıq", "Dostım Turg'anbay Qa'lenderovqa", «Qutlı bolsın 50 jasın'" (dostım Bekmurat Turınbetovtın' merekesinde oqılg'an qosıq);

2) shan'araq ag'zalarına arnaw: «Aqlıg'ım Rafaelge»;

3) ka'siples shayırlarg'a arnaw: "Bir bag'man ju'r eken gu'lzar ishinde…" (I.Yusupovqa), "Esigin'nen bazda atlap turamız…" (Jolmurza ag'ag'a), "Qa'lemleslerge", "Bolmadı" (shayır Xojamurat Turımbetovtın' 70 jıllıg'ında oqılg'an qosıq), "Ten'elbay shayırg'a";

4) ilim g'ayratkerlerine: "Na'jim Da'wqaraevqa", "Bir nar edin'…", "Professor ha'm jazıwshı" (Kamal Ma'mbetovqa);

5) tu'rli ka'sip iyelerine: "Sen jas edin', tar zamannın' tu'lkisi…" (Ayımxan apa Shamuratovag'a), "So'niwin' ku'tti de u'ydegi jaqtı…" (Socialistlik Miynet Qaharmanı vrach – Orazımbet ata Xalmuratovqa), "Bul du'nyag'a ku'lip kelgen…" (Mırzabay O'temisovtın' 60 jıllıg'ına), "Eshan baqsıg'a", "Miyrasın' ko'p...» (Sapar Xojaniyazovtın' 80 jıllıq merekesinde teatrda oqılg'an qosıq), "Senin' hawazın'" (Gu'lxan Shiyrazievanın' 70 jıllıg'ında teatrda oqılg'an qosıq), "Jıraw" (Jumabay Bazarovqa), "Jiyen jırawg'a", 'Naman' menen jasay ber" (kompozitor A'bdireyim Sultanovtın' 60 jıllıq merekesinde oqılg'an qosıq), "Pa'rwazlarda qayrılg'an qanatsan'" (talantlı aktyor dostım Dosberhen Ranovtı eslep), "Deputattın' "ıssı bulag'ı" (Qaraqalpaqstan xalı deputatı Jumabay Mamutovqa alg'ısnama. "Issı bulaq" ashılg'anda oqılg'an.), "Allaniyaz O'teniyazovqa, "Kompozitor" (Najimatdin Muxammedinov penen student jaslardın' ushırasıw keshesinde oqılg'an

qosıq), “Palwan edin’” (O’mirbay Aytımovtı eslep), “Jan’lay bersin hawazın’” (Bayram Matchanovqa), «Jas qosıqshı Maqset Doshbaevqa”;
6) o’mirdegi tanıslarına: “Sen sholpanım edin’ alıs ko’ktegi” (Д.М…g’a);
7) tuwısqan xalıq wa’killerine: “A’lisher Nawayıg’a” (550 jıllıg’ına);
8) o’tmishtegi batır tulg’alarg’a: “Ernazar Alako’zge” (stadionda oqılg’an qosıq);
9) bir imarat ya’ki oqıw ornının’ ashılıw saltanatına bag’ıshlang’an arnawlar: “Qutlı bolsın qırıq jasın’!” (No’kis gidromeliorativ texnikumının’ 40 jıllıq merekesinde oqılg’an).

Joqarıdag’ı arnawlar mazmunlıq jaqtan ha’r qıylı atamada, ha’r qıylı ka’sip iyelerine arnap jazılg’an. Olar ataması tikkeley mazmunı menen baylanıslı uy’renilse de, tu’rli formalarda jazılıwı mu’mkin. Ma’selen, jaydarı to’rt qatardan ibarat da’stu’riy qosıqtan tartıp, beslik, altılıq, jetilik, segizlik, sarbast, verlibr ha’m basqa da formalarda jazıladı.

Degen menen, bu’gingi ku’nde arnawlardın’ basım ko’pshiligi da’stu’riy to’rt qatardan ibarat barmaq o’lsheminde jazılg’an tu’ri ko’birek ushırasadı.

O’zbek a’debiyatında arnawlardın’ altılıq (Muxammed Yusuftın’ “O’mirlik joldasıma”), segizlik (Shukur Qurbannın Abdulla Aripov do’retiwshiligi tuwralı jazg’an “Segizlikler”), shayır Muxammed Yusuf haqqında jazg’an “Shayır Muxammed Yusufqa” qosıg’ı sarbast formasında jazılg’anlıg’ın ko’riwimizge boladı.

Al Ken’esbay Raxmanovtın’ derlik barlıq arnawları da’stu’riy formada jazılg’an. Bir g’ana “Ibrayım Yusupovqa” arnawı beslik formasında do’retilgen:

Bir bag’man ju’r eken gu’lzar ishinde,
Tu’rli sha’menlerden gu’lda’ste jıynap,
Ergenegin ashtı bizlerdi sıylap,
Ha’m de ertip ketti ıssıda qıynap,
Tawdag’ı bulaqtan suwsın ishiwge [5,26].

Qosıqta shayır I.Yusupovtı ma’zi ta’riyplep qoymastan, onı poeziya bag’ının’ bag’manı retinde atap ko’rsetedi de, sonsha jasqa sol taw basındag’ı bulaqtan suw ishtirip, sol bag’dın’ esigin ashıp, jol ko’rsetiwshisi boldı dep ta’riyp beredi. Bul bag’qa ma’zi kirip qoymastan, shayırlıq ku’ta’ mashaqatlı ekenligin, haqıyqıy qa’lemi o’tkir shayır bolıw ushın miynet etiw kerekligin na’siyatlaydı.

Qosıq a,b,b,b,a uyqas formasında jazılg’an. Yag’nıy, qatarlar son’ındag’ı *jıynap, sıylap, qıynap* so’zleri tutası menen, al birinshi qatardag’ı *ishinde* ha’m son’g’ı *ishiwge* so’zleri o’z ara uyqasıp kelgen. Qatarlardag’ı buwınlar 11 buwınnan ibarat bolıp, qosıqtın’ aqırına shekem buwınlar sanının’ ten’ligi principi saqlanıp qalg’an.

Arnawlar tikkeley arnap jazılıp atırg’an adamnın’ atı-jo’ni ko’rsetilip, bazıda bolsa onın’ ka’sibi ya’ki mamanlıg’ı menen atama retinde berilip te keledi. K.Raxmanov lirikasında adrecatı ko’rsetilgen arnawlar basım ko’pshilikti quraydı.

Bunday “…g’a” atamalı qosıqlar rus lirikasında XVII-XIX a’sirlerde da’stu’rge aylang’an ha’m son’ınan bizin’ a’debiyatımızda da ko’rine basladı. Bul shayırlarımızdın’ jan’a mazmun ha’m forma u’stinde izlenislerinin’ jemisi ekenliginen derek beredi.

Shayırdın’ “Na’jim Da’wqaraevqa” qosıg’ında bir ta’repten bunday ullı tulg’anın’ a’debiyat maydanında islegen ilimiy miynetleri maqtanısh etip jırlansa, ekinshi bir ta’repten onı jog’altıw ha’mme ushın u’lken ayralıq bolg’anlıg’ı aytıladı:

Ilim ushın o’limnen bas tartpadın’,

EURASIAN JOURNAL OF ACADEMIC RESEARCH
Innovative Academy Research Support Center
IF = 9.3 www.in-academy.uz/index.php/ejar

A'debiyattın’ da’rti menen partladın’,
Shınar edin’ quwrattıg’oy biymezgil,
Tu’birin’nen o’sip shıqtı nartların’ [6,277].

Qosıq mazmunlıq jaqtan marsiya janrına jaqın keledi. Marsiya janrında jaqın adam qazası mu’na’sibeti menen og’an aza tutılıp, ha’sireti sa’wlelendirilse, joqarıdag’ı arnaw qosıg’ı da usı mazmung’a jaqın keledi. Onda da avtordın’ lirik qaharmanının’ o’limi ushın qabırg’ası qayısıwı, ku’yinishi ashıp beriledi. Shayır N.Da’wqaraevtı u’lken, quwatlı shınar teregine megzetiw arqalı simvolikalıq obraz mısalında onın’ pu’tkil o’miri ilim jolında sarıplang’anlıg’ı, bul awır jog’altıw ha’mme ushın u’lken mu’siybet boldı dep ta’riyp beriledi.

Usınday ku’yinish sezimleri shayırdın’ “Pa’rwazlarda qayrılg’an qanatsan’…” arnaw qosıg’ında ayqın sezilip turadı. Qosıq atamasının’ o’zinde-aq u’lken ma’ni bar. Do’retiwshilik aspanında ushqan qustın’ qanatınan qayrılıp, bul du’nyanı ta’rk etiwi lirikalıq qaharmannın’ joqlawı u’lgisinde su’wretlenilgen.

Qosıq qaraqalpaq xalqının’ talantlı aktyorı Dosbergen Ranovqa arnalg’an bolıp, shayır onı eske aladı:

Sen qalg’ıp kettin’ be?...
Uyqın’nan oyan!
Dostım, uyqılaytug’ın zaman emes bul.
Sen – tolıq pitpegen bir o’mirbayan,
Sen jasag’an o’mir ma’writ elesdur [6,289].

Qosıqta aktyordın’ islegen miynetleri, teatr saxnasında tutqan ornı tilge tiyek etiledi. Al onı jog’altqan ma’writlerde teatr saxnası hu’willep qaldı dep atap ko’rsetiledi:

Ayralıq insang’a bolmag’an an’sat,
Jog’altıw – ha’mmege oq bolıp tiydi.

Joqlaw qosıqlar folklor a’debiyatımızg’a tiyisli janr bolıp, onın’ ha’zirgi lirikamızda da u’lgileri bar ekenligin joqarıdag’ı arnaw mısalınan-aq ko’riwimizge boladı.

A’dette, arnaw qosıqlarda belgili bir shaxs maqtalsa, ayırımlarında o’mirden o’tip ketken bolsa da onın’ jaqsı isleri, u’lgi bolarlıq pazıyletleri eske alınadı.

K.Raxmanovtın’ “Ernazar Alako’zge”, “Alisher Nawayıg’a” (550 jıllıg’ına), “Na’jim Da’wqaraevqa”, “Eshan baqsıg’a”, “Miyrasın’ ko’p…”, “Bir nar edin’…” (Babash Ismaylovtı eslep), Palwan edin’…” (O’mirbek Aytımovtı eslep) arnawlarında awır jog’altıw, eske alıw, yag’nıy, marsiya ha’m memuarlıq basımlaw. Avtor bul insanlardı jaqsı tanıg’anlıqtan, olardın’ o’mirbayanın, qanday qıyınshılıqlarg’a duwshaker bolg’anlıg’ın uyqasımlı qatarlar menen ka’mine keltirip ta’riyplewge ha’reket etedi. Ma’selen, “Bolmadı” qosıg’ın alıp qarayıq. Onda shayır Xojamurat Turımbetovtın’ o’miri, qanday insan bolg’anlıg’ın eske tu’siredi. Bul o’mirdi erte ta’rk etip, 70 jıllıq yubeleyin shan’araq ag’zaları menen belgilep atırg’an waqıtta og’an arnap jazılg’an qosıqta ku’shli jog’altıw, qayg’ırıw na’pesi sezilip turadı:

Bir shabandoz edin’ atın tebingen,
A’jel erte alıp ketti o’mirden,
Sen bir saray edin’ jekke ko’ringen,
Onda da’rwaza ya esik bolmadı. [6,282].

Shayır lirik qaharmandı en' aldın'g'ı alg'ır shabandoz retinde, al onın' peylin ken' sarayg'a megzetiwi kishipeyil, talapshan', sonday-aq, kewli ken' insan bolg'anlıg'ın an'latadı. Onı avtor tuwrıdan-tuwrı aytıp qoymastan, kewilge jaqın, sulıw so'zler menen sızıp ko'rsetedi.

Qosıqlarının' basım ko'pshiliginde ta'riypleniwshi insannın' xarakterin ashıw maqsetinde "batır edin", "shınar edin'", nar edin'", "sheber edin'", "hawaz edin'", "shabandoz edin'" sıyaqlı ten'ew so'zlerinen sheber qollang'an.

Arnawlar tek eske alıw, joqlaw u'lgisinde berile bermeydi. Olardın' bazılarında o'mirde batr insanlar, qatar-qurbıları, olardın' jaqsı is-ha'reketleri maqtanısh etiledi. Bul jag'ınan olar a'debiyatımızdag'ı ta'riyp janrına jaqın janr ekenligin de ko'remiz. Shayırdın' "Deputattın' "ıssı bulag'ı" , 'Allaniyaz O'teniyazovqa", "Kompozitor", "Jan'lay bersin hawazın'" (Bayram Matchanovqa), "Dostım Nurmuxammed A'metovtın' 50 jıllıg'ında oqılg'an qosıq", "Qutlı bolsın 50 jasın'" arnaw qosıqların missal etip keltirsek boladı. Ma'selen,

Manlay terin alıspaydı aqshag'a,
Jaynag'an jaz - onın' miynet jazları,
O'z qolınan bina' bolg'an baqshada,
O'ssin keleshektin' Allaniyazları [6,293] !

Bul qatarlardı oqıg'anımızda avtor xalqımız qaharmanına aylanıp u'lgergen Allaniyaz O'teniyazovtay insannın' jaqsı islerin maqtanısh etedi. Lirik qaharmannın' obrazı, xarakteri onın' to'mendegi mına qatarlarında-aq ayqın ashıp berilgen:

...Miyrim - sha'pa'a'ttin' bulag'ı menen,
Ko'z jasların juwar g'a'rip - qa'serdin'.

Mine, shayırdın' qaharmanı – miynetkesh, tek jalg'ız o'zin oylamastan, u'ysiz janlardı da oylap, qurbı jetkenshe olarg'a ja'rdem qolın soziwshı nag'ız saqıy insan.

Arnawlar bazıda ha'zil-da'lkek formasında da jazılıwı mu'mkin. Ma'selen, og'an shayırdın' "Dostım Turg'anbay Qa'lenderovqa", "Ten'elbay shayırg'a" qosıqları mısal bola aladı.

"Dostım Turg'anbay Qa'lenderovqa" qosıg'ı dostının' 50 jıllıq merekesine arnalg'an bolıp, onda avtor onı jen'il ku'lkige aladı.

Qutlıqlayman Qa'lenderov Turg'anbay!
Narsan' "kempir soyıspaqqa" turg'anday.
Eliw jastın' esigine jetkenshe,
Tas to'ben'de tu'k qalmadı qırg'anday [6,307].

Dostının' 50 jası menen qutlıqlap atırg'an shayır bul jasqa kelemen degenshe "basın'da qolg'a ilingendey tu'k te qalmaptı" degen jen'il ku'lkili qatarlardı keltirip o'tedi de, o'zi artaysa da, kewili ele qartaymag'an "nar" dep salıstırmalı usıldan paydalanıp dostına ta'riyp beredi.

Al, "Ten'elbay shayırg'a" qosıg'ı da ha'zil ko'rinisindegi arnaw bolıp, ataması jag'ınan da, ta'riypleniwshi shaxs jag'ınan da shayır I.Yusupovtın' "Shayır Ten'elbayg'a" qosıg'ına uqsas keledi. Onda eki avtor da shayır Ten'elbay Sa'rsenbaevtın' xarakterin ha'zil ta'rizinde bayanlap beriwge ha'reket etedi. Eki qosıq jazılıw tariyxı jag'ınan ha'r qıylı

da'wirde jazılg'an bolıp, biri da'stu'riy qosıq o'lsheminde, al ekinshisi beslik formasında jazılg'an. I.Yusupov T.Sa'rsenbaevtı:

…Jazıwınan "juwıwı" ko'p shayırdan,
Bir qosıq tuwılsa eki-u'sh ayda [7,54]…

- dep shayırdın' "Ju'r, maldın' aldına shıg'ayıq Shayda" qosıg'ın missal keltirip, lirik qaharmannғn' pada aldına shıg'ıwı ha'm qosıq jazıwı onın' su'ygen qızı Shaydanı ko'riw ba'nesi ekenligi mısqıllanılsa, K.Raxmanov shayırdın' minezin ta'riyplep ha'zil ko'rinisinde bılay deydi:

Ju'resen' bir g'awdırap,
Sa'l na'rsege sawdırap,
Qaymıg'adı ko'p adam,
Kiyatqanday taw qulap [6,304].

Mine, shayırdın' ta'riypi. Ol dostın toy-merekeden qalmaytug'ın qıdırawıq , qayda daw-ja'njel bolsa Ten'elbay sol jerde dep, birewge unag'an, birewge jaqpaytug'ın minezi bar insan ekenligin aytadı.

**Juwmaq.** Juwmaqlap aytqanda, shayır K.Raxmanov do'retiwshiliginde arnaw qosıqlar ju'da' ko'p ha'm biz olardı tallaw barısında derlik ko'pshiligi da'stu'riy formada jazılg'an barmaq o'lshemindegi , 7-8 ha'm 10-11 buwınlı, a,b,a,b shalıs uyqaslı, al bazı birewleri a,a,b,a birgelikli ha'm a,a,a,b uyqas tu'rlerinde jazılg'anlıg'ının' guwası boldıq. Qosıqlardı mazmunlıq jaqtan bir neshe toparlarg'a jiklep, olarda joqlaw, ta'riyp, beriw ha'm ha'tteki ha'zil-da'lkek janrlarına jaqınlıq belgileri seziletug'ınlıg'ın ko'rdik.

## References:

1. Қуронов Д, Мамажонов З, Шералиева М. Адабиётшунослик луғати. – Ташкент: Академнашр, 2010.- Б.71.
2. Qasimova D. She'riyatda bag'ishlov janrining shakiliy xususiyatlari (Shukur Qurbon ijodi misolida). World Scientific Research Journal. 33.01.11.2025. -B. 204-207.
3. Nizomova K. Toshpo'lat Ahmad bag'ishlovlarining g'oyaviy-badiiy xususiyatlari. World Scientific Research Journal. 14.02.2025.-B. 66-70.
4. Mo'minov Sh. Memuar, bag'ishlov va marsiyalarda rahbar muloqot xulqiga xos qirralarning namayon bo'lishi. Scientific Journal Impact Factor. 02.02.2022. -B. 689-690.
5. Рахманов К. Таң ашығы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1978.-Б.26.
6. Рахманов К. Гүзги муҳаббат. – Нөкис: Avangard-baspa, 2022. -Б.277.
7. Юсупов И. Ҳәр кимниң өз заманы бар. – Нөкис: Қарақалпақстан, 2014.-Б.54.